


Jesu Mupenyu



Pakarepo Jesu akasangana navo, akati, “Kwaziwai.” Vakauya kwaari vakabata tsoka dzake uye vakamunamata. Mateo 28:9

Jesu Mupenyu

Mateo 28:1-10

Mushure meSabata, ava mambakwedza nomusi wokutanga wevhiki, Maria Magadharena nomumwe Maria vakanda kundoona guva.

Pakava nokudengenyeka kwenyika kukuru nokuti mutumwa washe akabva kudenga akaenda paguva akasvikokungurutsa ibwe rya akagara pamusoro paro. Kuonekwa kwake kwakanga kwakaita semheni uye nguodzake dzakanga dzakachena sechando. Varindi vakamutya kwazvo zvokuti vakadedera vakaita savanhu vafa.

Mutumwa akati kuvakadziva, “Musatya nokuti ndinoziva kuti muri kutsvaka Jesu uyo akaroverwa pamuchinjikwa. Ghaapo pano; amuka sokutaura kwaakaita. Uyai muone panzvimbo paakanga avefe.


Zvino kurumidzai muende kundoudza vadzidzi vake kuti, ‘Amuka kubva kuvakafa uye kuti afanotungamira kuGarrea.’ Muchanomuna ikoko; Zvino ndakuudzai.” Saka vakadzi ava vakakurumidza kubva paguva vachitya asi vakazadzwa nomufaro, uye vakamhanya kundoudza vadzidzi vake. Pakarepo Jesu akasangana navo, akati, “Kwaziwai.” Vakauya kwaari vakabata tsoka dzake uye vakamunamata. Endai papo Jesu akati kwavari, “Musatya. Endai mundoudza hama dzangu kuti vaende kuGarrea; ikoko ndiko kwavachanonona.”

40-68 Jesus is Alive

www.GodsPeopleStudy.org

Bible Verses are Shona:

Ndima dzomuBhaibheri muchishona chakare



Pakarepo Jesu akasangana navo, akati, “Kwaziwai.”
Vakauya kwaari vakabata tsoka dzake uye
vakamunamata. Mateo 28:9